



Depatman Lajistis Etazini

Divizyon Dwa Sivil

Biwo Pwokirè Etazini an

Distrik Santral Florida



Rezime
Akò Règleman an
ant
Etazini Damerik
ak
Distrik Lekòl Konte Clay la



Vi Jeneral

Nan dat [date] oktòb 2023, Etazini ak Distrik Lekòl Konte Clay la te siyen yon Akò Règleman pou rezoud pwoblèm yon envestigasyon te jwenn nan pwogram Distrik la pou Elèv k ap Aprann Anglè yo. Divizyon Dwa Sivil Depatman Lajistis Etazini la ak Biwo Pwokirè Etazini an pou Distrik Santral Florida a te mennen envestigasyon an nan tèt ansanm selon Lwa sou Chans Egal nan Zafè Edikasyon 1974 la. Distrik la te kopere nèt avèk envestigasyon Depatman an epi, lè li te fin resevwa rezulta envestigasyon an, li te pran angajman amelyore sèvis li yo pou Elèv k ap Aprann Anglè yo.

Dokiman sa a fè rezime Akò Règleman an. Ou ka li Akò konplè a sou [sit entènèt](#) Depatman Lajistis la.

Rezime sa a fèt pou sensibilize plis sou Akò Règleman an epi pou mete kominote Konte Clay la okouran mezi Distrik la ap pran yo pou pi byen sèvi Elèv k ap Aprann Anglè li yo ak fanmi yo. Rezime a fèt pou moun ki pa gen konesans nan zafè la lwa



Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo

Distrik la pral elabore yon pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè. Gras a pwogram nan:

- Y ap evalye rapidman konpetans elèv yo nan lang anglè.
- Si elèv yo kalifye, Distrik la ap ofri yo sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè.
- Se pwofesè ki kalifye ak fòme k ap anseye Elèv k ap Aprann Anglè yo.
- Pwofesè yo pral sèvi ak metòd pedagojik pou Elèv k ap Aprann Anglè yo ka fè pwogrè nan kou matematik, syans, syans sosyal, ak anglè/lang ak literati yo pandan y ap aprann anglè.
- Ap gen Konseye ki fòme ak espesyalize nan Anglè pou Moun Ki Pale Lòt Lang (English for Speakers of Other Languages, ESOL) ki pral verifye Elèv k ap Aprann Anglè yo ap resevwa sèvis yo bezwen yo pou yo ka aprann anglè nan yon tan rezonab.
- Distrik la evalye detanzantan si pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo reyisi ede elèv yo simonte baryè lang yo nan lekòl la.



Fòmasyon Konseye ESOL yo ak Pwofesè yo

Pou kore pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo, Distrik la pral:

- Mete sou pye yon plan devlòpman pwofesyonèl ki pral bay pwofesè yo ak manm direksyon lekòl la bonjan fòmasyon sou ansèyman Elèv k ap Aprann Anglè ak sou egzijans akò a.
- Anboche Konseye ki kalifye ak fòme nan ESOL pou yo egzaminen pwogrè elèv yo epi ede pwofesè Elèv k ap Aprann Anglè yo sèvi ak metòd pedagojik espesyal.
- Nonmen Konseye ESOL ak dirijan lekòl pou yo verifye Elèv k ap Aprann Anglè yo resevwa sipò yo bezwen an nan klas epi pou yo ede pwofesè yo amelyore jan yo anseye elèv sa yo.





Identifikasiyon ak Plasman Elèv k ap Aprann Anglè yo

Si yon elèv pale yon lòt lang, si yo pale yon lòt lang lakay li, oswa si elèv la sanble gen pwoblèm ak anglè a, Distrik la pral evalye elèv sa a pou wè si li kalifye pou sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè. Distrik la pral enskri tout elèv ki kalifye yo nan pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo.

Si gen yon elèv ki te la deja yo pa t evalye kòmsadwa oswa yo te fè li soti san sa pa t apwopriye nan pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè Distrik la epi li pa resewva sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè:

- Distrik la ap jwenn elèv la epi l ap re-evalye li.
- Si elèv la kalifye pou sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè, Distrik la ap ofri li sèvis yo.



Si yon elèv enskri lekòl nan kòmansman ane lekòl la:

- Distrik la pral evalye si elèv la kalifye pou sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè nan yon delè 28 jou epi, si li kalifye, l ap ofri sèvis yo nan yon delè 14 jou apati de evalyasyon an.

Si yon elèv enskri lekòl nan mitan ane a:

- Distrik la pral evalye si elèv la kalifye pou sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè nan yon delè 14 jou epi, si li kalifye, l ap ofri sèvis yo nan yon delè 14 jou apati de evalyasyon an.




Ansèyman Lang Anglè ak Kijan pou fè Matyè yo Vin Aksesib pou Elèv k ap Aprann Anglè yo

Distrik la pral bay Elèv k ap Aprann Anglè yo ansèyman lang anglè.

- Ap gen pwofesè kalifye, fòme, k ap bay tout Elèv k ap Aprann Anglè yo **omwen yon peryòd ansèyman lang anglè chak jou**.
- Elèv k ap Aprann Anglè ki bezwen plis èd yo ap resevwa **omwen de (2) peryòd ansèyman lang anglè chak jou**. Pou elèv ki bezwen èd anplis sa a epi ki nan klas 3yèm rive 6yèm ane, y ap resevwa omwen 60 minit ansèyman lang anglè chak jou epi, lè sa posib, 90 minit.

Pwofesè yo pral ede Elèv k ap Aprann Anglè yo kontinye aprann nan kou matematik, syans, syans sosyal, ak anglè/lang ak literati yo, menm pandan elèv la ap aprann anglè.

- Pwofesè yo pral sèvi ak metòd pedagojik espesyal pou Elèv k ap Aprann Anglè yo—tankou modifye chwa mo yo oswa vitès y ap pale a, ofri plis materyèl pou ede aprantisaj nan lekòl la ak lakay, sèvi ak glosè ak diksyonè bileng, epi chanje kijan yo evalye si wi ou non yon elèv te konprann materyèl la—pou ede yo aprann nan klas yo.






Aksè a Sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl pou Elèv k ap Aprann Anglè yo

Distrik la p ap kite baryè lang anpeche yon Elèv k ap Aprann Anglè jwenn sipò pou etid ak pou konpòtman.

- Si yon Elèv k ap Aprann Anglè gen pwoblèm akademik oswa nan zafè konpòtman nan lekòl la, Distrik la pral sèvi ak Sistèm Sipò a Plizyè Nivo li an (Multi-Tiered System of Supports, MTSS), yon pwoesisis pou idantifye si wi ou non elèv la gen difikilte poutèt baryè lang nan oswa yon lòt rezon, epi lè sa apwopriye, Distrik la ap sèvi ak entèvansyon ki pran devan.
- Distrik la p ap retade evalyasyon yon Elèv k ap Aprann Anglè pou sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl senpleman poutèt elèv la pa konprann ni pale anglè.
- Lè l ap evalye yon Elèv k ap Aprann Anglè pou andikap posib, Distrik la pral sèvi ak pratik valid ak fyab ki reflete bezwen elèv la nan lang ak nòm kiltirèl li yo.

Elèv k ap Aprann Anglè ki gen andikap yo ap resevwa alafwa Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl ak sèvis lang anglè.

- Ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program) yo pral pran an kont bezwen nan lang Elèv k ap Aprann Anglè ki gen andikap yo epi ki rapò ki genyen ant bezwen sa yo ak Pwogram Edikasyon Endividyalize elèv la.






Kominikasyon ak Paran yo

Distrik la pral ofri asistans nan lang pou paran ki pa pale anglè kouraman pou yo ka konnen ki opòtinite edikatif ptit yo a genyen. Sa gen ladan:

- Mande paran yo idantifye lang yo pi pito a epi bay enfòmasyon enpòtan ki soti nan lekòl yo nan biwo santral la nan lang pifò paran yo pale.
- Bay paran yo entèprèt oswa tradiksyon sou demann epi afiche klè, nan plizyè lang, kijan paran yo ka mande asistans nan lang.
- Anboche yon sèvis pou entèprete nan telefòn pou anplwaye yo ka rapidman ak kòrèkteman kominike avèk paran ki pa pale anglè kouraman.





Kontwòl ak Evalyasyon Pwogram nan

Distrik la pral verifye lekòl yo ap sèvi Elèv k ap Aprann Anglè yo kòmsadwa epi l ap evalye efikasite pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo. Sa gen ladan:

- Sèvi ak done pou konprann èske wi ou non pwogram nan ede elèv yo aprann anglè epi pèmèt yo jwenn opòtinite edikatif Distrik la menm jan an.
- Fè sondaj ak paran yo, nan yon lang yo konprann, chak ane pou jwenn kòmantè yo sou pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo.
- Pale ak pwofesè Elèv k ap Aprann Anglè yo pou wè si yo bezwen plis sipò pou bay ansèyman efikas nan lang anglè.





Kowòdone nou

Distrik Lekòl Konte Clay la

Si ou gen bagay k ap **trakase ou nan zafè diskriminasyon** nan nenpòt lekòl Distrik Konte Clay la, tanpri kontakte Treasure Pickett, Responsab Edikasyon Segondè, avèk enfòmasyon ki pi ba la a.



(904) 336-6918

Treasure.pickett@myoneclay.net

Depatman Lajistis Etazini Divizyon Dwa Sivil Seksyon Opòtinite Edikatif

Si ou gen bagay k ap **trakase ou nan zafè diskriminasyon** nan nenpòt lekòl Distrik Konte Clay la, tanpri kontakte Seksyon Opòtinite Edikatif Divizyon Dwa Sivil la, avèk enfòmasyon ki pi ba la a.



(202) 514-4092 oswa 1-877-292-3804

Community.CCSD@usdoj.gov

Ou te mèt pote plent tou pase pa
[Pòtay Plent Divizyon Dwa Sivil la](#)